



PRESTASYON YO DISPONIB

Konje peye lè w pi bezwen sa.

Travayè Kalifye nan Maine ka aplike pou jiska 12 semèn konje peye nan pwogram Konje Familyal & Maladi Peye a — y ap ba w tan pou w pran swen tèt ou oswa moun ki pi enpòtan pou ou pandan y ap ede w pwoteje travay ou ak revni w.



POUKISA W KA PRAN KONJE?

- **Konje Parantal** — Kreye lyen ak yon nouvo timoun (nesans, adopsyon oswa plasman famiyal)
- **Konje pou pran Swen Fanmi** — Pran swen yon manm fanmi an ki gen yon gwo pwoblèm sante
- **Konje Maladi** — Pa ka travay akòz yon gwo pwoblèm sante
- **Konje pou Fanmi an ki Militè** — Prepare pou yon moun ou renmen ki nan sèvis militè
- **Konje Sekirite** — Pwoteje tèt ou oswa yon manm fanmi an kont abi, vyolans oswa agresyon

Ki Sa Sa Vle Di Pou Ou

- **Konje peye** lè w pi bezwen sa
- **W ap jwenn yon salè ranplasan** pou garanti pwoteksyon revni w lan
- **Pwoteksyon Travay la** Si w t ap travay pou anplwayè w la 120 jou youn dèyè lòt pou piti
- **Opsyon Konje Fleksib** — Pran konje yon sèl kou oswa pa moso
- **Prestasyon ki ka transfere** — W ap ka konsève prestasyon sa a menm si w chanje travay

Kou sa posib, fè anplwayè w la konnen w ap planifye pou w pran konje (jeneralman yon preyavi 30 jou)

Eskè w prè pou w aplike oswa w vle aprann plis? Ale sou maine.gov/paidleave.